



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 7/19/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO TE ANONSE OUVÈTI AVÈK CHWA SANT LANATI HUMPHREY
NAN PAK LETA LETCHWORTH LA**

*Sant Lanati a te Nonmen nan non Filantropis Peter G. Humphrey; Li Gen ladan'l
Ekspozisyon Entèraktif ak Teknoloji ki pi Modèn yo pandan Tout Ane a*

*SUNY Geneseo te ofri Opòtinite Edikasyon ak Rechèch kòm yon Pati nan Angajman
Kowoperatif pou 5 an*

*Amelyorasyon yo Konplete pwogram “Fingers Lakes Forward” – Inisyativ
Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo
Opòtinite*

*W'ap jwenn Foto ki fèt ak Wot Rezolisyon sou Teknoloji Modèn Sant Lanati
Humphrey ki Disponib [La a](#) ak [La a](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Sant Lanati Humphrey nan Pak Leta Letchworth ouvri kounya pou plis pase 850,000 vizitè anyèl li yo. Sant Lanati a se rezilta yon patenarya piblik-privè pou mete yon etablisman edikasyonèl pou tou lè kat sezon nan lane a, sou tètwa Pak Leta Letchworth lan, epi li te resevwa 3.55 milyon dola atravè Pwogram Pak NY pou lane 2020 Gouvènè Cuomo a, ki se yon angajman sou plizyè lane ki investi 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou revitalize Pak Leta yo. Sant Lanati a te nonmen nan non filantropis Peter G. Humphrey – ki avèk efò leve de fon san relach li yo epi angajman l' pou Pak Leta yo te rive ranmase sòm enpòtan 3.2 milyon dola atravè investisman prive ak don lajan ki te nesesè pou fè pwojè sa vin yon reyalyte.

“Soti nan lak primitif li yo pou rive nan bèl santye li yo, Pak Leta Letchworth ki te ranpòte prim, ofri yon kantite opòtinite enkalkilab an plen è pou milyon vizitè anyèl li yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** Sant Lanati Humphrey se rezilta yon patenarya piblik-privè fwiktyèl, ki te vin rann posib gras a lespri jenere Fanmi Humphrey. Pak nou yo se yon pati entegral nan nou menm, epi lè yo briyan ak inovatif, se konsa nou ye tou. Ajou Sant Lanati ki gen teknoloji modèn yo pral kontinye atire vizitè epi fè rantre plis lajan touris nan ekonomi Finger Lakes la.”

Nan Lane 2015, Pak Leta Letchworth te resevwa rekonpans [2015 USA TODAY Readers' Choice Award pou Meyè Pak Leta](#). Selèb pou vizyèl enpresyonan li yo, fòmasyon jewografik ak santye pwomnad li yo ki mezire 106 kilomèt (66 miles) ki travèse 14,350 ekta tè Pak lan, Pak lan tou te lajman limite ak Rivyè Genesee ki mezire 27 kilomèt (17 miles) ki al tonbe nan twa chit dlo ak bouch falèz majè yo.

Ajou Sant Lanati Humphrey an ap konstwi varyete pwogramasyon edikasyonèl ak rekreyasyonèl Pak lan – pwomnad gide, tou vizit, yon seri konferans pandan sezon ete an, kous kannòt, kayak, ak aktivite naje an plen è ak nan sal – epi li pral genyen ekspozisyon entèraktif ak teknoloji modèn, ansanm ak opòtinite pou aprann ak jwenn sèvis.

Sal ki gen Dizay Teknoloji Modèn

Sal dirab ki genyen dizay teknoloji modèn sa ki mezire 5000 pye kare gen ladan'l LED ak limyè natirèl, epi li genyen yon gwo sistèm HVAC efikas, sistèm chofaj plantye ki klere, ak yon sitèn dlo lapli ke yo kole ak sistèm irigasyon nouvo jaden "Butterfly Garden." Sant Lanati a aplike règleman estanda Akt pou Amreiken ki gen Andikap yo, epi li genyen ladan'l espas reyinyon ak sal de klas ki elaji, ekspozisyon entèraktif ki fèt ak objektif pou mennen vizitè yo deyò pou ale nan santye pak la yo ki genyen plizyè fonksyon.

Vizitè yo pral gen opòtinite pou yo ka aprann sou lanati, soti depi nann zwazo yo pou rive nan mouch yo, soti nan pye bwa yo pou rive nan pwason twit yo, papiyon yo, ous yo, vejetasyon natirèl ak enpòtans li nan ekosistèm Pak lan, patisipe nan vizit gide ak nan randone, teste aptitud yo nan yon kous ak konpas, plonje yo nan yon aktivite lachas o trezò pou ede rezoud enigm lanati yo ak anpil lòt bagay ankò. Pwogram yo, teknoloji ak aktivite rekreyasyonèl yo pral amelyore konpreyansyon vizitè yo sou istwa inik, jewoloji ak anvivonman ke yo te jwenn nan bato amiral Pak la.

Peter G. Humphrey, ki se Prezidan Komisyon Rejyonal Pak Leta Genesee an, te deklare, "Fanmi nou yo te onore pou yo patisipe nan jesyon Pak Leta Letchworth yo pandan plis pase yon syèk. Mwen konnen gran papa ak papa mwen t'ap ekzalte pou tout sipò kominote an ki te rann sant lanati sa posib. Nan non tout Fanmi Humphrey o konplè, mwen remèsye tout moun ki te met tèt ansanm pou bay piblik la yon nouvo etablisman eksepsyonèl ki ap apwopriye ak bote natirèl inik vil Letchworth lan."

Eritaj Familyal Fanmi Humphrey

Eritaj familyal fanmi Humphrey lan te rich, te gen rasin li fon epi te akonpli tradisyon sèvis piblik. Twa jenerasyon nan fanmi Humphrey an te travay pou asire dirabilite ak prezèvasyon sistèm Pak Leta yo, epi an patikilye, siksè Pak Leta Letchworth la. Nan lane 1995, Peter G. Humphrey te eli nan Komisyon Pak Leta Genesee – ki te kofonde pa gran papa li Wolcott Humphrey Sr. – epi nonmen kòm Prezidan, yon pozisyon ke gran papa li te genyen tou, ki te rele Wolcott Humphrey Jr.

Kòm Prezidan ni Komisyon Pak Rejyon Genesee, ni Kanpay Kapital pou Sant Lanati Letchworth, Peter Humphrey – ansanm ak tou manm elaji fanmi Humphrey – te dirije efò leve de fon yo pou ka jwenn rès kapital yo te bezwen an pou fè tounen vizyon pou Sant lan vin yon reyalite.

Denise A. Battles, ki se Prezidan SUNY Genesee, te deklare, "Mwen kontan anpil wè lide Sant Lanati Letchworth lan te vin fini pa tounen yon reyalite epi sa fè'm anpil plezi dèske SUNY Genesee fè pati de patenarya fòmèl ki te ede pou li te ka vin posib yo. Li pa pral sèlman vin yon destinasyon mèveye pou vizitè yo pou yo kapab enfòmè yo sou pak enpresyonant sa, men li pral ofri etidyan Genesee yo yon kantite opòtinite pou aprann epi jwenn sèvis ki pral anrichi anpil eksperyans inivèsité yo. Mwen prezante tout felisitasyon sensè mwen bay tout moun ki te enplike nan devlopman sant lanati mayifik sa."

Kowoperatif pou 5 an SUNY Geneseo an

Nan mwa mas 2015 lan, Pak Leta Letchworth ak Univèsite Leta New York nan vil Geneseo te anonse yon patenarya fòmèl ki te gen kòm objektif pou bay pi plis èd nan eksperyans nan edikasyon ak opòtinite rechèch nan nouvo Sant Nati Letchworth ki nan Pak Leta Letchworth. Nan kad kontra kowoperatif 5 lane sa, Inivèsite a pral devlope epi idantifye opòtinite nan edikasyon, rechèch, restorasyon anviwònmanal, ak pwojè prezèvasyon, pwogramasyon, ak ekspozisyon nan Sant lan. Etidyan yo pral benefisye de yon espas sal de klas ki gen teknoloji modèn, yon jaden ki gen papiyon ak byosfè, ansanm ak ekspozisyon espesyalize ki pral detaye divèsite natirèl rich Pak la.

Patrick Gallivan, ki se Senatè Leta, te deklare, "New York se lakay kèk nan pi bèl dekò natirèl enpresyonant nan mond lan. Sa pa yon sipriz ke Pak Leta Letchworth - ki ofri aktivite rekreyasyon an plen è ilimite ak peyizaj ki san parèy - te chwazi kòm chanpyon nasyonal ane pase. Ekspansyon rapid sipò pou Sant Lanati a, ansanm ak devouman Fanmi Humphrey pou wè pwojè sa rive reyisi, yo pwouve jenewozite kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò li pou pak sa ak dedikasyon jeneral li pou pwoteksyon ak prezèvasyon trezò natirèl nou yo."

Rose Harvey, ki se komisè Pak Leta te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Peter Humphrey ansanm ak tout patnè kominote nou an yo poutèt yo fè Sant Lanati Klas Mondyal sa vin yon reyalye pou Pak Leta Letchworth. Mwen sèten ke nouvo Sant Lanati Humphrey a pral ede vizitè yo wè epi apresye vil Letchworth nan plizyè fason epi apwofondi lajwa ak admirasyon yo pou pak mayifik sa."

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak CEO DASNY, te deklare, "DASNY fyè pou li vin patnè ak Biwo Leta pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo pou ka anbeli vil New York la. Nouvo sant lanati sa se dènye bijou nan kouwòn destinasyon touristik leta a ki ap bay yon lòt rezon pou vizitè yo di 'Mwen Renmen New York'."

Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Devlopman Empire State, te deklare, "Sant Lanati Humphrey ki nan Pak Leta Letchworth lan pral ogmante lajwa piblik lan pou pak lan epi founi yon konpozan pou edikasyon ki esansyèl pou Grand Canyon ak Rejyon Lès la. Nouvo Sant Lanati a pral ede vizitè yo planifye eksplorasyon yo de yonn nan pi bèl pak nan Leta New York la epi ankouraje touris nan vil Finger Lakes la."

Anne Kress, ki se Co-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Prezidan Monroe Community College, ansanm ak Danny Wegman, ki se CEO Makèt Manje Wegmans lan, te deklare, "Sant Lanati Humphrey ki nan Pak Leta Letchworth lan pral bay prèv li se yon avantaj enòm pou milye vizitè sa yo ki vizite pak lan chak ane." Touris ak èv atistik yo konstitiyè strateji sektè kle REDC Finger Lakes lan epi pwojè sa ogmante konpreyansyon piblik lan de bèl resous natirèl pak lan yo, pandan l'ap atire plis touris nan yonn nan espas ki pi pitoresk o Etazini."

Erik Kulleseid, ki se Direktè Ekzekitif Pwogram Alyans Enstiti Espas Ouvè pou Pak Let New York yo, te deklare, "Nouvo of pou edikasyon ak ekspozisyon entèpretatif Sant Lanati Pak Leta Letchworth la yo pral ogmante lajwa ak apresyasyon piblik lan pou pak klas mondyal sa a. OSI fyè pou li se yonn nan manm dominant nan patenarya revolisyone piblik-prive sa ki pral etann benefis li yo atravè tout gwo eta nou an. Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Komisè Harvey ansanm ak Peter Humphrey, ki se Prezidan Komite Kanpay, pou

sans lidèchip pwogresif yo nan sipòte bijou pak sa.”

Sant Lanati Humphrey refilete angajman Gouvènè Cuomo an pou li revitalize sistèm pak leta yo. Sektè prive investisman an te bay sipò finansyèl pou pwojè sa, 1.1 milyon dola ki te soti nan Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, ak nan Pwogram Pak NY pou lane 2020 Gouvènè a – yon angajman sou plizyè lane ki envesti 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti nan lane 2011 pou rive nan lane 2020.

Bidjè Egzekitif 2017 FY Gouvènè a mete 90 milyon dola nan inisyativ sa a. An plis, ane sa a Gouvènè a te anonse Pwogram Konekte Timoun yo ak Pak yo, ki ap bay jou antre gratis pou elèv klas katyèm ane primè yo ansanm ak fanmi yo, epi kreye yon nouvo pwogram don pou transpòtasyon pou ede elèv nan lekòl defavorize yo vizite pak leta yo ak sit istorik yo.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Pwojè sa yo vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Leta te envesti deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan - nan envesti nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Great Recession an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Leta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Leta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418